

Chanjman nan orè semèn Thanksgiving nan

13 novanm 2023

Kamarad Terrapins mwen yo,

Fèt Thanksgiving nan ap rive talè konsa, nou espere nou gentan ap tann moman sa a pou nou rankontre fanmi nou ak zanmi nou, pou nou manje ansanm, epi fè yon ti chanjman nan woutin nou genyen chak jou pou nou selebre yon jou ki la espesyaman pou n montre rekonesans.

Nou rekonèt nou te pase yon sezon otòn difisil, ki te gen anpil defisi toupatou nan monn nan jan sa te ye pou nou nan kominote pa nou an. Anpil moun nan ekip sipò nan inivèsite nou an te travay 24è sou 24 pou yo bay anpil pwofesè, manm ekip la ak etidyan yo swen ak sipò. Pwofesè nou yo dispoze demontre sousi ak konpasyon. Epi etidyan nou yo kontinye enspire nou nan fason yo respekte epi sipòte youn lòt.

Nou vle remèsye tout moun ki te bay yon kamarad Terp yon ti kout pous. Epi pou lidè etidyan ki te plede pou kominote nou an jwenn plis tan ak plis espas pou pran swen youn lòt, nou tande nou.

Pou nou demontre rekonesans nou, nou ta renmen pwolonje konje Thanksgiving nou an yon fason ki diferan ak konje ane pase yo. **Lendi 20 novanm 2023, kou yo ap fèt anliy epi p ap gen kou madi 21 novanm 2023**, men pòt inivèsite a ap ret ouvè pandan 2 jou sa yo.

Anplis de sa, **mèkredi 22 novanm 2023 ap yon jou konje administratif pou tout ekip pèsònèl regilye/tout pwofesè ak kontraktyèl nan kategori II a**. Resous Imèn Inivèsite ap fè suivi a, l ap bay plis detay.

Tanpri, pwofite tan sa a pou nou repoze epi rebran fòs, epi, tanpri kenbe sa nan lespri nou, n ap kontinye jwenn nouvo ak diferan fason pou nou kreye yon kominote moun ap pran swen moun isit la nan Inivèsite Maryland.

Mwen pwofite salye nou,



Darryll J. Pines

Prezidan, Inivèsite Maryland, College Park

Li (Pwonon Maskilen)

A handwritten signature in black ink that reads "Jennifer King Rice". The signature is fluid and cursive, with the first name "Jennifer" written in a large, looping script, followed by "King" and "Rice" in a slightly more compact but still cursive style.

Jennifer King Rice

Vis Prezidan Prensipal epi Dwayèn

Li (Fanm)